


Ki sa chanjman klimatik vle di pou sante w

Chanjman klimatik la deja ap afekte moun nan Maine. Li lakòz plis tanpèt ki domaje kay ak kote moun travay sou kòt la, li fè lè a ak dlo a mwens bon pou sante, epi li mennen nan plis jou ki fè anpil chalè ki ka fè li danjere pou kèk moun deyò.



Enpak Chanjman Klima sou Sante

- Lafimen ki soti nan dife forè ak polisyon fè li pi difisil pou respire, sitou pou moun ki gen asma oswa alèji.
- Jou ki twò cho ogmante risk pou moun soufri ak gwo chalè oswa kou chalè, sitou pou granmoun, timoun, ak travayè ki pa gen èkondisyone.
- Chalè ak imidite lakòz mwazi grandi nan kay yo, sa ki agrave pwoblèm respiratwa yo.
- Tanpèt ak inondasyon domaje kay, koupe kouran, epi deranje kominote yo.
- Tanperati ki pi cho a ede tik ak moustik gaye maladi tankou maladi Lyme ak viris Nil Lwès la.



Aksyon ou ka pran

Malgre efè danjere chanjman klimatik yo, gen resous ak mezi ou ka pran pou pran swen tèt ou, moun ou renmen yo, ak kominote w la.



- Aprann plis sou **sipò pou rekiperasyon biznis** nan men Depatman Devlopman Ekonomik ak Kominotè a.
- Jwenn sipò pou byennèt atravè **pwogram StrengthenME a** oubyen rele **Liy Detrès Katastwòf** la nan: **1-800-985-5990**.
- Pran aksyon sou chanjman klimatik la avèk **Kò Kliman Maine** oubyen **Kò Klima Ameriken an**. Ou kapab aplike tou pou finansman atravè **Patenarya Rezilyans Kominotè a**.
- Dekouvri finansman, rabè, ak resous ki soti nan **Biwo Inovasyon Politik Gouvènè a**, ansanm ak plan pou lavni ak enfòmasyon sou Konsèy Klima Maine lan.